

## Dokiman konsènan Sèvis Piblik (Haitian Creole)

### ÈSKE MWEN KAPAB JWENN ÈD AVÈK SÈVIS PIBLIK MWEN?

- Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) kapab ede ou avèk èd finansye pou peye bòdwo sèvis piblik ou yo (gaz ak elektrisite). Sibvansyon pou peye bòdwo sèvis piblik yo disponib pou moun k ap resevwa Èd Lajan Kach (Cash Assistance) ak Revni Sekirite Siplèman (Supplemental Security Income, SSI) ansanm ak moun ki gen lòt sous revni epi ki gen yon ijans san resous disponib pou satisfè bezwen an.
- Si w ap resevwa Èd Lajan Kach oswa SSI nan moman an, HRA ap peye jiska kat mwa aryere sèvis piblik pou evite dekonèksyon sèvis piblik ou. Founisè sèvis piblik ou dwe kontinye oswa rekonekte sèvis la si yo resevwa peman nan HRA menmsi tout aryere yo pa peye.
- Si ou p ap resevwa Èd Lajan Kach nan moman an, ou ka kalifye tou pou yon sibvansyon annijans pou evite dekonèksyon sèvis piblik ou oswa pou rekonekte sèvis piblik ou.
- Si w ap resevwa Èd Lajan Kach oswa SSI, ou ka kalifye tou pou yon garanti pou sèvis piblik.

### KISA YON GARANTI POU SÈVIS PIBLIK VLE DI?

- HRA ba konpayi sèvis piblik la garanti pandan yon peryòd apeprè sis (6) mwa n ap fè yon peman sèvis piblik si moun k ap resevwa Èd Lajan Kach la oswa moun k ap resevwa SSI epi ki gen garanti pou sèvis piblik la pa kapab peye li.
- Si ou resevwa yon garanti pou sèvis piblik, w ap rete responsab pou peman tout bòdwo sèvis piblik la pidevan.

### KI AVANTAJ KI GENYEN NAN YON GARANTI POU SÈVIS PIBLIK?

- Ou p ap gen obligasyon pou ranbouse kantite lajan HRA peye founisè sèvis piblik ou pou evite yon dekonèksyon sèvis piblik la.
- Pandan peryòd garanti a, founisè sèvis piblik la p ap:
  - Dekonekte sèvis ou pou okenn balans HRA pa peye; oswa
  - Fè okenn efò pou touche rès balans ki pa peye a.

**Egzanp:** Si w ap resevwa Èd Lajan Kach oswa SSI epi bòdwo a se pou \$100 dola epi HRA peye \$75 dola sèlman, founisè sèvis piblik la p ap dekonèkte sèvis ou paske ou toujou dwe \$25 dola.

### KONBYEN TAN GARANTI POU SÈVIS PIBLIK LA AP DIRE?

- Garanti pou sèvis piblik la ap rete anvigè pandan apeprè sis mwa. Peryòd garanti pou sèvis piblik la ap fini nan mwens pase sis mwa si dosye Èd Lajan Kach ou fèmen oswa si avantaj SSI ou sispann anvan fen peryòd sis mwa a. Garanti a ap fini menmsi dosye Èd Lajan Kach ou fèmen paske ou te kòmanse ap resevwa SSI.

(Kontinye nan pwochen paj la)

### **KISA K AP PASE SI MWEN PA KAPAB PEYE BÒDWO SÈVIS PIBLIK MWEN PANDAN PERYÒD GARANTI A?**

- Si ou pa peye tout kantite lajan bòdwo ou pandan peryòd garanti a, founisè sèvis piblik ou ap fè HRA konnen sa. HRA ap gen obligasyon pou peye nenpòt kantite lajan ou pa peye pandan peryòd garanti a.
- Si ou se yon moun k ap resevwa Èd Lajan Kach, nenpòt kantite lajan HRA peye pandan peryòd garanti a ap soti nan sibvansyon Èd Lajan Kach ou jouk ou ranbouse tout kantite lajan an ba HRA. Sa rele yon rekouvremant. Epitou, alokasyon pou enèji, ki se yon pati nan sibvansyon ou, ap soti nan sibvansyon ou (sa rele yon restriksyon sou alokasyon pou sèvis piblik) epi HRA ap peye bòdwo sèvis piblik ou pa mwa avèk alokasyon an dirèkteman b founisè sèvis piblik ou (sa rele yon peman dirèk ba vandè).
- Si ou se yon moun k ap resevwa SSI epi HRA te peye aryere sèvis piblik ou, ou pa gen obligasyon pou ranbouse okenn kantite lajan HRA peye ba founisè sèvis piblik ou.

### **KISA K AP PASE SI DOSYE ÈD LAJAN KACH MWEN FÈMEN ANVAN GARANTI SÈVIS PIBLIK MWEN EKSPIRE?**

- Si dosye Èd Lajan Kach ou fèmen anvan garanti pou sèvis piblik la ekspire, peryòd garanti pou sèvis piblik la a ap fini nan dat dosye ou fèmen. W ap pèdi nenpòt kantite tan ki rete sou peryòd garanti pou sèvis piblik la.
- HRA ap fè founisè sèvis piblik la konnen dosye Èd Lajan Kach ou fèmen. Founisè sèvis piblik ou ap ba ou bòdwo pou nenpòt kantite lajan aryere ou te dwe epi HRA pa t peye li epi founisè sèvis piblik ou te rezève epi yo pa t voye bòdwo ba ou pandan ou t ap resevwa Èd Lajan Kach oswa SSI.
- Founisè sèvis piblik la ap voye yon avi ba ou avèk tout kantite lajan aryere ou dwe kounye a paske dosye Èd Lajan Kach ou fèmen. W ap resevwa yon bòdwo tou avèk kantite lajan aryere a, ansanm ak kantite lajan pou dènye itilizasyon ou pou mwa a.
- Si ou pa peye kantite lajan aryere a oswa si ou pa fè yon akò pou peman avèk founisè sèvis piblik la pou peye aryere yo nèt, ou ka resevwa yon avi pou dekoneksyon sèvis piblik ou. Si ou resevwa yon avi pou dekoneksyon sèvis piblik ou, ou ka aplike pou èd annijans nan HRA.

### **KISA K AP PASE LÈ GARANTI POU SÈVIS PIBLIK LA EKSPIRE?**

- Lè peryòd garanti a fini, HRA p ap resevwa avi si ou pa peye bòdwo ou, epitou HRA p ap fè yon peman pou sèvis piblik ba founisè sèvis ou.
- Si ou toujou ap resevwa Èd Lajan Kach oswa SSI lè peryòd garanti a fini, kantite lajan ou te dwe founisè sèvis piblik la lè nou te bay garanti a ap rete sou kont ou men ou p ap resevwa bòdwo jouk lè dosye Èd Lajan Kach ou fèmen oswa jouk lè SSI ou fini.
- Si ou pa peye bòdwo sèvis piblik ou chak fwa ou dwe fè sa, founisè sèvis piblik ou ka ba ou yon avi pou dekoneksyon sèvis piblik ou.

### **KISA K AP PASE SI GARANTI POU SÈVIS PIBLIK MWEN EKSPIRE EPI SI MWEN TOUJOU PA KAPAB PEYE BÒDWO MWEN YO?**

- Apre peryòd garanti a fini, si ou resevwa yon avi pou dekoneksyon, ou ta dwe aplike pou èd annijans. Ou ka kalifye pou yon lòt peman aryere sèvis piblik ak yon lòt peryòd garanti pou sèvis piblik. Kontakte 311 pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou aplike.